

**DAMEL MEDIA PASINAON POP UP BOOK UPACARA TINGKEBAN KANGGE  
SISWA SMA KELAS XII**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh  
*Gelar Sarjana Pendidikan*



dening:  
**Priska Ninda Wahyu Lestari**  
NIM 14205241019

Yogyakarta, 24 September 2018  
Pembimbing,

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.  
NIP. 19780610 2001112 2 002

Yogyakarta, 24 September 2018  
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.  
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## **DAMEL MEDIA PASINAON POP UP BOOK UPACARA TINGKEBAN KANGGE SISWA SMA KELAS XII**

### ***DESIGNING A MEDIA POP UP BOOK FOR LEARNING UPACARA TINGKEBAN FOR 12<sup>TH</sup> GRADE HIGH SCHOOL STUDENTS***

Dening: Priska Ninda Wahyu Lestari, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. [Priskanindawl12@gmail.com](mailto:Priskanindawl12@gmail.com).

#### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika ancaspun wonten tiga, inggih menika: (1) ngandharaken anggenipun ndamel *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban; (2) ngandharaken pambijinipun *ahli materi*, saha *ahli media* tumrap *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban, saha (3) ngandharaken pambiji saha pamrayogi guru *mata pelajaran* basa Jawi tumrap *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban. Panaliten menika kalebet panaliten *Research and Development (R&D)*. Asiling panaliten nedahaken: (1) *media* dipundamel kanthi sakawan tataran inggih menika: *analysis, design, development, saha evaluation*; (2) *validasi kualitas media* dening dosen *ahli materi* pikantuk biji *persentase* 88%, wondene *validasi* dening dosen *ahli media* pikantuk biji *persentase* 73,5%, saha (3) pambiji *media* dening guru basa Jawi pikantuk biji *persentase* 80%. Asiling panaliten menika nedahaken bilih *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban saged kangge sarana sinau wonten pamulangan upacara adat.

Pamijining tembung: *Media Pasinaon, Pop Up Book, Upacara Tingkeban*.

#### **Abstract**

*This study is aimed to: (1) describe the steps in making pop up book upacara tingkeban; (2) show the expert judgment from material experts, media experts, and (3) show the expert judgement from the Javanese teacher and opinion of the pop up book upacara tingkeban. This study belongs to Research and Development (R&D). The results of the study are (1) the media are designed through four steps namely: analysis, design, development, and evaluation, (2) the validation from the material expert toward the quality of the media is 88% and the validation from the media's expert is 73,5%, and (3) the media evaluation from javanese Teacher is 80%. The result of this study revealed that this pop up book upacara tingkeban can be used as learning media to learn upacara adat.*

*Keyword: Learning Media, Pop Up Book, Upacara Tingkeban.*

#### **PURWAKA**

Wonten ing Kurikulum 2013 siswa kedah *aktif* anggenipun sinau. Supados siswa menika *aktif*, guru kedah nindakaken pasinaon ingkang *interaktif* amrih *materi* ingkang dipunandharaken saged dipuntampi kanthi cetha. Miturut Kurikulum Muatan Lokal Bahasa, Sastra saha Budaya Jawa SMA/MA/SMK Daerah Istimewa Yogyakarta 2013 salah satunggaling *materi* ingkang kedah dipunwulangaken inggih menika bab upacara adat Jawi.

Kurikulum 2013 mliginipun tumrap SMA/ SMK dipunsebutaken bilih *Kompetensi Inti/ KI.3* ngengingi materi upacara adat Jawi inggih menika “*memahami, menerapkan, menganalisis, pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural, pada bidang kajian yang*

*spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.*” Wondene *Kompetensi Dasar/ KD 3.4* inggih menika “*menamahmi prosesi upacara adat Jawa.*” Miturut wontenipun *Kompetensi Inti saha Kompetensi Dasar* menika dipunbetahaken *media* kangge panyengkuyung pasinaon upacara adat Jawi. Wondene salah satunggaling upacara adat Jawi ingkang dipunsinau inggih menika upacara tingkeban. Nalika ing pamulangan bab upacara adat tingkeban siswa kedah nggayuh *indikator* ingkang sampun dipuntemtokaken, inggih menika.

a. *siswa dapat menjelaskan prosesi upacara adat tingkeban atau mitoni dengan tepat,*

b. *siswa dapat menjelaskan apa makna yang terkandung dari setiap prosesi yang dijalankan dengan tepat.*

Saking asiling wawan pangandikan kaliyan Ibu Naning Tyastuti, S.Pd dipunprangguli bilih kirangipun *media pasinaon* kangge nerangaken bab upacara adat Jawi, ingkang dadosaken siswa rumaos kangelan anggenipun mahami *materi* upacara adat Jawi. *Media* ingkang wonten namung *video* upacara panggih. Guru kangelan anggenipun damel *media pasinaon* ingkang sipatipun *interaktif*, ingkang saged narik kawigatosan saha gregetipun siswa kangge sianu. Kathahipun *metode* ingkang dipungginakaken guru nalika pamulangan upacara adat Jawi namung ngginakaken *metode ceramah*. Wondene piranti ingkang dipungginakaken kangge panyengkuyung anggenipun ngandharaken *materi mawi LKS, buku paket, saha Power Point*. Ananging saking *LKS, buku paket, saha power point* menika dereng saged

ngandharaken sadaya *materi* ingkang dipunsinau amargi wosipun winates.

Kangge ngudhari prakawis menika pramila kedah dipuntindakaken salah satunggaling cara, inggih menika dipundamel *media pasinaon* ingkang saged nyengkuyung proses pasinaon. *Media* ingkang dipundamel dipunjumbuhaken kaliyan kabetahan wonten ing lapangan. *Media* menika dipundamel minangka sarana kangge nggampilaken para siswa anggenipun mahami *materi* supados *praktis, efektif, saha interaktif* ingkang boten *berbasis IT*, ananging saged narik kawigatosanipun siswa supados langkung greget anggenipun sinau. *Media* menika dipundamel kaangkah supados sekolah ingkang nggadahi *fasilitas* kados *LCD* ingkang cacahipun namung sakedhik saha anggenipun ngginakaken *LCD* kedah gantos kaliyan guru sanesipun saged ngginakaken *media pasinaon* ingkang sipatipun *interaktif*. Pramila dipundamel *media pasinaon* ingkang boten winates listrik kanthi *media pasinaon* ingkang awujud *pop up book*.

Wondene dipunpilih *materi* upacara tingkeban amargi upacara tingkeban minangka salah satunggaling upacara adat ingkang taskih dipuntindakaken dening masyarakat. Ananging ing kasunyatanipun kathah tiyang ingkang sok-sok klentu utawi boten mangertos kados pundi anggenipun nindakakae tata lampahing upacara tingkeban. Pramila badhe dipundamel *media pasinaon* upacara tingkeban awujud *pop up book* kangge siswa SMA supados ing tembe para siswa saged mangertosi kados pundi tata lampahing upacara tingkeban ingkang leres miturut paugeranipun.

Damel *media pasnaon* awujud *pop up book* upacara tingkeban supados kasil anggenipun nggarap dipunbektahaken panaliten. Panaliten ingkang trep kaliyan *media pasinaon* inggih menika nggihakaken panaliten *Reserch and Development* utawi asring dipunsebut *R&D*. Panaliten *R&D* minangka salah satunggaling panaliten ingkang nggadhahi ancas kangge ngasilaken salah satunggaling *produk tartamtu (media pasinaon)*. *Media pasinaon* awujud *pop up book* upacara tingkeban dipundamel amargi anggenipun ngginakaken nalika pasinaon langkung gampang. Kejawi menika, *media pop up book* upacara tingkeban langkung *kratif* saha prasaja amargi boten winates kaliyan listrik. *Media* menika ugi langkung narik kawigatosan amargi ngginakaken kertas ingkang dipunentha-entha satemah saged ngemot materi ingkang dipunandharaken awujud

## CARANING PANALITEN

Panaliten ingkang dipuntindakaken dening panaliti ing bab menika kalebet panaliten kanthi *metode Reserch and Development* utawi asring dipuncetak *R&D*. *Metode panaliten research and development* inggih menika salah satunggaling *metode panaliten* ingkang dipunginakaken kangge ngasilaken salah satunggaling *produk tartamtu*, saha kangge nguji *keefektivan produk* kasebut (Sugiyono, 2015: 407).

Panaliten ingkang dipunmaksudaken inggih menika katindakaken kanthi ngempalaken data utawi *referensi* kangge ndamel *media pasinaon* awujud *pop up book* upacara tingkeban. *Produk media pasinaon* ingkang dipundamel dipunsuwunaken

*buku tiga dimensi*. Sasampunipun *media pasinaon* ing panaliten menika dipundamel, lajeng dipunbiji kanthi *validasi* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media* dumugi pikantuk pasarujukan kangge dipunsuwunaken pambiji dening guru basa Jawi saking asiling *media pasinaon* ingkang dipundamel.

Kanthi *media pop up book* upacara tingkeban menika kaangkah siswa langkung greget anggenipun sinau bab upacara adat Jawi, mliginipun upacara tingkeban. Awit saking *media pasinaon pop up book* menika ngremenaken saha gampang anggenipun mbekta dening guru nalika badhe mulang. *Media* kanthi wujud *pop up book* ugi kaangkah saged nambah seserepanipun para siswa mliginipun bab upacara adat Jawi tingkeban.

*validasi* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*, lajeng dipunsuwunaken pambiji dening guru basa Jawi satemah *media pasinaon* saged dipunginakaken kangge panyengkuyung piwulangan basa Jawi mliginipun bab upacara tingkeban.

Wondene tataranipun damel *media jumbuh* kaliyan *Suplemen Panduan Tugas Akhir 2017 panaliten R&D* ngginakaken sakawan tataran, inggih menika tataran *Analysis, Design, Development*, saha *Evaluation*.

## ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAG

### a) Tataran Analisis (Analisis)

Tataran *analisis* minangka tataran ingkang kaping sepisan saderengipun damel *produk*. Tataran *analisis* kaperang dados kalih, inggih menika *analisis kurikulum* saha *analisis kabetahan siswa*. *Analisis kurikulum* katindakaken kangge nganalisis *kurikulum* ingkang dipunginakaken ing tataran SMA kalebet pamilihanipun *materi* ingkang kamot ing salebeting *media pasinaon* ingkang bandhe dipundamel. Wondene *analisis kabetahan siswa* dipuntindakaken kangge mangertosi perkawis ing salebeting *pasinaon*, sarta mangertosi kabetahanipun siswa tumrap *media pasinaon* minangka piranti panyengkuyung kangge nggampilaken anggenipun sinau.

*Analisis kurikulum* dipuntindakaken kanthi wawan pangandikan saha maos *kurikulum* ingkang dipunginakaken ing tataran SMA Negeri 1 Pleret. Asiling wawan pangandikan dipunprangguli bilih *kurikulum* ingkang dipunginakaken ing tataran SMA Negeri 1 Pleret inggih menika *kurikulum 2013 provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta*. Adhedhasar *kurikulum* ingkang dipunginakaken, lajeng dipuntektokaken kelas ingkang badhe dipundamel *media pasinaon*, inggih menika kelas XII. Saking menika saged dipunprangguli bilih *materi upacara adat Jawi* kalebet *materi* ingkang kedah dipunwulangaken. Wondene ingkang dados dhasaring pamilihanipun *materi* ing salebeting *media pasinaon* inggih menika saking *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar*.

*Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* ingkang gayut kaliyan *materi upacara adat Jawi* inggih menika KI 3 “*Memahami, menerapkan, dan*

*menganalisis pengetahuan factual, konseptual, prosedural, dan metakognitif berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan procedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah*”. Wondene *Kompetensi Dasar* inggih menika KD 3.4 “*Menamahmi prosesi upacara adat Jawa*”. Adhedhasar *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* saged dipundamel *indikator kados* ing ngandhap menika: 1) *siswa dapat menjelaskan prosesi upacara adat tingkeban atau mitoni dengan tepat*, 2) *siswa dapat menjelaskan apa makna yang terkandung dari setiap prosesi yang dijalankan dengan tepat*.

Awit saking wontenipun *KI* saha *KD* ingkang sinebat ing salebeting *Kurikulum 2013* ngengingi pambudidaya amrih lestantunipun budaya Jawi kasebut pramila dipunpilih salah satunggaling *materi* inggih menika upacara tingkeban. Boten namung minangka sarana kangge nambah seserepan kemawon, ananging ugi nggadhahi ancas supados para siswa mangertos kados pundi caranipun nindakaken upacara tingkeban ingkang trep jmbuh kaliyan paugeranipun. Wondene anggenipun milih *materi upacara tingkeban* boten dipunbedakaken antawisipun gaya Ngayogyakarta saha Sala, amargi ing wanci menika kadhangkala panindak kirang nggatosaken utawi boten mangertos kados pundi tata cara nindakaken upacara tingkeban ingkang trep. Pramila anggenipun damel *materi* ing salebeting *media pasinaon* boten dipunpilih-pilah anawisipun Ngayogyakarta saha Sala.

Sasampunipun nindakaken *analisis kurikulum* kalajengaken *analisis* kabetahan siswa. *Analisis* menika kantindakaken kangge mangertosi kawontenan siswa supados *media* ingkang badhe dipundamel jumbuh kaliyan kabetahan ing *lapangan*. *Analisis* kabetahan siswa katindakaken kanthi wawan pangandikan kaliyan guru *mata pelajaran* basa Jawi. Saking *observasi* panaliti pikantuk *data* bilih taksih wonten bab ingkang dadosaken pepalang nalika pamulangan ing bab upacara adat Jawi.

Saking wawan pangandikan kaliyan guru *mata pelajaran* basa Jawi nedahaken bilih *materi* upacara adat Jawi mliginipun upacara tingkeban awis dipundamel *media* pasinaon. Kathah-kathahipun *media* ingkang dipundamel awujud *video* upacara panggih ingkang anggenipun kedah betahaken listrik. Wondene kangge sarana panyengkuyung guru ngginakaken *Buku Pendamping Bahan Ajar, LKS*, saha *materi* awujud *power point*. Wondene siswa betahaken sarana kangge nyengkuyung angenipun sinau ingkang langkung narik kawigatosan nalika *proses* pamulangan. Adhedhasar *observasi* saha wawan pangandikan menika kedah dipunwontenaken *media* ingkang asipat *interaktif, praktis*, boten winates kaliyan listrik saha saged narik kawigatosanipun siswa kangge ngandharaken *materi* pasinaon upacara adat Jawi (upacara tingkeban).

Adhedhasar saking prakawis menika, salajengipun badhe dipundamel *media* pasinaon ingkang boten winates kaliyan listrik, inggih menika awujud *pop up book* upacara tingkeban. *Media* menika dipunilih awit wosing *materi* ingkang kathah supados boten damel siswa kangelan anggenipun

sinau pramila dipundamel awujud *pop up*. *Media* awujud *pop up* kaangkah saged nuwuhaken kawigatosanipun siswa satemah siswa langkung *aktif* nalika nampi pasinaon saha langkung greget anggenipun sinau bab upacara adat Jawi, mliginipun upacara tingkeban. *Media* menika ugi kaangkah saged dados panyengkuyung ingkang asipat *interaktif* saha saged mbiyantu nggampilaken guru nalika ngandharaken materi bab upacara adat Jawi tingkeban.

#### b) **Tataran Design (Ndamel Design Media)**

Tataran ingkang salajengipun inggih menika ndamel *design media*. Tataran menika dipunwiwiti kanthi ngempalaken *referensi* ingkang gayut kaliyan *materi*. *Materi-materi* ingkang sampun dipunkempalaken menika lajeng dipundamel *flowchart*. *Flowchart* inggih menika *diagram alur* kangge nggampilaken nalika ndamel rantaman *media* pasinaon. Wosing *flowchart* menika ngewrat *konsep penyajian* pamulangan. *Flowchart* lajeng dipunwujudaken dados *story board* utawi *naskah media*. Tataran ndamel *desain media* dipuntindakaken sasampunipun tataran *analisis kurikulum* saha *analisis* kawontenan siswa. Tataran *design* inggih menika ngrancang wosing *produk media* pasinaon ingkang badhe dipundamel. Tataran *desain* kanthi damel *flowchart* saha *story board* kanthi adhedhasar *pendekatan scientific* ingkang nengenaken pasinaon ingkang asipat *interaktif* utawi damel siswa langkung *aktif* anggenipun mahami *materi* ingkang dipunwulangaken kanthi *mengamati, menanya, eksperimen, mengasosiasi*, saha *mengkomunikasikan*.

Anggenipun damel *media pasinaon* menika dipunwiwiti kanthi cara ngempalaken *referensi* saha sumber pustaka ingkang jumbuh kaliyan *materi* upacara tingkeban. *Materi* ingkang badhe dipunlebetaken ing *media pasinaon* inggih menika ngenging pangertosan upacara tingkeban, piranti saha ubarampe upacara tingkeban, sarta prosesi upacara tingkeban. Wondene *referensi* ingkang dipunginakaken dening panaliti inggih menika bukunipu Suwarna Pringgawidagda kanthi irah-irahan *Upacara Tingkeban* sarta bukunipun Yana MH kanthi irah-irahan *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*.

Sasampunipun *produk media* dipunrancang, panaliti lajeng nemtokaken wosing *materi* ingkang badhe kamot ing *media pasinaon* inggih menika ngengingi upacara tingkeban. Adhedhasar rantaman ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipundadosaken minangka dhasar kangge ndamel *flowchart*. *Flowchart* inggih menika *diagram alur* kangge nggampilaken nalika damel *rancangan media pasinaon*. Wosing *flowchart* inggih menika gambaranipun *penyajian materi pasinaon* ing wiwit *cover*, cara panganggening *media pasinaon*, *Kompetensi Dasar* saha *indikator* ingkang badhe dipungayuh, wosing *materi* upacara tingkeban, *pofil*, saha kapustakan.

Sasampunipun menika *flowchart* dipunwujudaken *story board* ingkang nggambaraken *naskah media* utawi *materi* ingkang samangke dipunlebetaken ing *media pasinaon*. Wosipun *story board* inggih menika rantaman *Kompetensi Dasar*, *Indikator*, cara panganggening *media pasinaon*, pangertosan upacara tingkeban, piranti saha ubarampe upacara tingkeban, prosesi upacara

tingkeban, *profil* dosen *pembimbing* saha *mahasiswa*, kapustakan buku saha kapustakan gambar jangkep kaliyan kaca saben lembar jumbuh kaliyan papanipun ing *pop up book* upacara tingkeban. *Story board* ingkang sampun leres salajengipun dipunginakaken kangge landhesan ndamel *media pasinaon*.

### c) Tataran *Development (Pengembangan)*

Tataran *development* kaperang dados kalih cak-cakan inggih menika ndamel *media* saha *validasi* dosen *ahli*. Tataran ndamel *media* inggih menika mujudaken *naskah media* ingkang sampun kadamel awujud *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban. Anggenipun ndamel *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban dipunwiwiti kanthi ngempalaken bahan-bahan kangge ndamel *media*. Wondene *teknik* ingkang dipunginakaken kangge ndamel *media pasinaon* ngginakaken *teknik desai* saha *teknik* cithak.

*Teknik desain* dipunginakaken kangge ngrantam *backgraound* ingkang badhe dipunginakaken minangka *layer media pasinaon*. Boten namung *background* kemawon ananging *teknik desain* dipunginakaken kangge ngrantam gambar kadosta gambar piranti lan ubarampe, prosesi, saha *ilustrasi* sanes-sanesipun tuwin ngrantam seratan. Sasampunipun *teknik desain* dipunlajengaken nyithak sedaya ingkang sampun dipunrantam awujud *file* dados awujud cithak ngginakaken dlancang *ivory 260 gsm*. Gambar saha seratan ingkang sampun dipuncithak lajeng dipunkethok miturut kabetahan.

*Media pasinaon pop up book* dipundamel kanthi ukuran meh memper dlancang A4 utawi 21

cm x 30 cm. Kangge ngentha-entha supados saged awujud 3 *dimeni* dipunginakaken bahan-bahan panyengkuyung kados lem, *gunting*, garisan, *cutter*, dlancang *manila*, saha dlancang *kokoru*. Sasampunipun *produk media* dipundamel lajeng dipunjilid dados setunggal. *Media* pasinon *pop up book* upacara tingkeban dipunginakaken kangge ngandharaken *materi* upacara tingkeban. Wondene kangge gladhenipun ngginakaken dlancang sanes ing sawawining *pop up book* mawi buku gladhen upacara tingkeban. Sadaya ingkang kadamel awujud *produk awal media* pasinaon *pop up book* upacara tingkeban.

*Produk awal media* pasinaon *pop up book* upacara tingkeban ingkang sampun dados lajeng dipunsuwunaken *validasi* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. *Validasi* katindakaken kangge mangertosi *kualitas media* pasinaon ingkang sampun kadamel. Asiling *validasi* minangka landhesan kangge ndandosi *media* ingkang sampun kadamel amrih ngasilaken *media* pasinaon ingkang langkung sae. *Dosen ahli materi* ing panaliten menika Bapak Prof. Dr. Suwarna, M.Pd, wondene *dosen ahli media* inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd, M.A. *Dosen ahli materi* paring pambiji ing bab *materi* ingkang kamot ing salebeting *media* pasinaon *pop up book* upacara tingkeban, wondene

*dosen ahli media* paring pambiji ing bab *tampilan media* pasinaon *pop up book* upacara tingkeban.

*Validasi materi* dening *dosen ahli materi* wonten kalih tataran. *Validasi* I pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 83% ingkang kagolong sae sanget.. Saking asiling *validasi* I dipunginakaken minangka landhesan kangge ndandosi *materi* ing

salebeting *media* pasinaon. *Validasi* ingkang kaping kalih pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 93% ingkang kagolong sae sanget.

Wondene ewah-ewahan pambiji saking *validator* ing antawisipun *indikator* nggampilaken sinau saha *indikator* trep anggenipun ngginakaken basa. *Indikator* nggampilakane anggenipun ing *validasi* tataran I pikantuk biji 4 amargi taksih kathah ingkang kedah dipundandosi kados panganggening basa ingkang lepat, gambar ingkang dereng jumbuh, sarta sumber pustaka ingkang dereng dipunserat. Ananging ing *validasi* tataran II *validator* paring biji 5 amargi *media* sampun dipunrevisi jumbuh kaliyan pamrayogi. *Indikator* trep anggenipun ngginakaken basa ing *validasi* tataran I pikantuk biji 4 amargi wonten seratan ingkang kedah dipundandosi nama clorot dipungantos dumbeg satemah ing *validasi* tataran II *validator* paring biji 5 amargi seratan samoun dipundandosi. Saking *validasi* tataran I dumugi tataran II *persentasi* pambiji dening *dosen ahli* mindhak 10%. Saking asiling pambiji saking *dosen ahli materi*, *validator* paring dudutan bilih *media* menika sampun saged dipunsuwunaken pambiji dhateng guru basa Jawi kathi *revisi* jumbuh kaliyan pamrayogi.

*Validasi media* dening *dosen ahli media* wonten kalih tataran. *Validasi* I pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 66,7% ingkang kagolong sae. Saking asiling *validasi* I dipunginakaken minangka landhesan kangge ndandosi *media* pasinaon ingkang dipundamel. *Validasi* ingkang kaping kalih pikantuk biji *rata-rata* kanthi *persentase* 80% Ingkang kagolong sae.

Wondene ewah-ewahan pambiji saking *dosen ahli media* ing antawisipun ing *indikator*



*efektivitas teks*, trep pamilihanipun gambar, trep pamilihipun *background*, *penekanan* saha *keterpaduan*. Indikator *efektivitas teks* ing *validasi* tataran I pikantuk biji 3 amargi anggenipun damel *paragraph* dereng sae, ananging sasampunipun dipundandosi ing *validasi* tataran II *validator* paring biji 4. Indikator trep pamilihanipun gambar ing *validasi* tataran I pikantuk biji 3, amargi wonten gambar ingkang boten jumbuh inggih menika gambar *animasi*, sasampunipun dipundandosi ing *validasi* tataran II *validator* paring biji 4. Indikator trep pamilihanipun *background* ing *validasi* tataran I pikantuk biji 3 amargi ing kaca 1 *background* dipundamel *landscape* kamangka bukunipun dipundamel *portrait*, ananging sasampunipun dipundandosi *validator* pating biji 4. Indikator *penekanan* ing *validasi* tataran I pikantuk biji 3 amargi anggenipun ngratam *materi* boten dipun-*klasifikasi*-aken miturut jinisipun, ananging sasampunipun dipundandosi ing *validasi* tataran II *validator* paring biji 4. Indikator *keterpaduan* ing *validasi* tataran I pikantuk biji 3 amargi antawijipun ukiran gambar, *tata letak* gambar saha seratan dereng *padu*, ananging sasampunipun dipundandosi ing *validasi* tataran II *validator*

paring biji 4. *Prosentase* pambiji sakini asiling *validasi* I dumugi *validasi* II dening dosen *ahli media* mindhak 13,3%.

Saking asiling pambiji tataran I saha tataran II *validator* paring dudutan bilih *media* menika sampun saged dipunuwunaken pambiji dhateng guru basa Jawi kathi dipundandosi miturut pamrayogi. Asiling pambiji guru basa Jawi SMA N 1 Pleret ingkang dipuntindakaken dening Ibu Naning Tyastuti, S.Pd saking 9 indikator pikantuk biji kanthi

rerata 80% ingkang kagolong sae. Saking asiling *validasi materi* dening dosen *ahli materi* saha *validasi media* dening dosen *ahli media* sarta pambiji dening guru basa Jawi nedahaken bilih *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban sampun samapta kangge dipunuwunaken pambiji dening guru basa Jawi ing sekolah.

#### d) Tataran *Evaluation* (*Evaluasi*)

Tataran ingkang pungkasan inggih menika tataran *evaluasi*. Tataran *evaluasi* menika dipuntindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji *media* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha guru basa Jawi. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipun-*analisis*. Jumbuh kaliyan ancasiipun *produk*. Wondene asiling rerata pambiji pungkasan pikantuk 80,5% ingkang kagolong sae sanget. Asiling *analisis* nedahaken bilih *produk* sampun jumbuh kaliyan ancasiipun pasinaon saha *layak* dipunginakaken kangge pasinaon cariyos wayang Ramayana.

#### 1. Asiling Pambiji saha *Tampilan Pungkasan Media Pasinaon*

Asiling *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha pambiji dending guru basa Jawi tumrap *media pasinaon pop up book* upacara tingkeban menika sampun sadaya dipuntindakaken. Asiling pambiji pungkasan menika dipunserat lumantar *tabel 34* kados saking *persentase*-nipun saha *kategori*-nipun saben pambiji, wonten ing ngandhap menika.

**Tabel 34: Asiling Pambiji Pungkasan Kualitas Media Pasinaon**

No.	Pambiji Media Pasinaon	Persentase	Kategori
1.	Dosen ahli materi	88%	Sae Sanget
2.	Dosen ahli media	73,5%	Sae
3.	Guru basa Jawi	80%	Sae
<b>Asiling rerata persentase pambiji</b>		80,5%	Sae Sanget

Adhedhasar tabel 34 ing nginggil, asiling pambiji pungkasan dening dosen ahli materi adhedhasar saking 6 indikator pikantuk biji persentase 88% ingkang kagolong sae sanget. Asiling validasi dosen ahli media adhedhasar saking 9 indikator pikantuk biji persentase 73,5% ingkang kagolong sae. Asiling pambiji media dening guru basa Jawi adhedhasar saking 9 indikator pikantuk biji persentase 80% ingkang kagolong sae. Adhedhasar validasi dosen ahli materi, dosen ahli media, saha pambiji guru basa Jawi tumrap media pasinaon *pop up book* upacara tingkeban pikantuk rerata persentase 80,5% ingkang kagolong sae sanget.

## 2. Kaluwihan saha Kakirangan Media Pasinaon *Pop Up Book* Upacara Tingkeban

*Media pasinaon* ingkang awujud buku *pop up book* upacara tingkeban menika ugi wonten kekirangan saha kaluwihanipun. Kaluwihan media pasinaon buku *pop up book* upacara tingkeban.

1. *Media pasinaon pop up book* upacara tingkeban layak dipunginakaken minangka sarana

panengkuyung piwulangan basa Jawi ing kelas XII kanthi materi upacara adat Jawi. Layakipun media pasinaon menika saged dipunmangertosi saking asiling validasi kualitas media pasinaon ingkang dipuntindakaken dening dosen ahli materi saha dosen ahli media, sarta pambiji dening guru basa Jawi ingkang pikantuk biji rata-rata persentase 80% ingkang kagolong sae.

2. *Media* menika ngewrat bab materi upacara adat Jawi mliginipun upacara tingkeban ingkang jangkep, runtut, saha jumbuh kaliyan kabetahan siswa SMA kelas XII.
3. *Media* ingkang awujud *pop up book* langkung gampang anggenipun ngginakaken amargi boten betahaken piranti panyengkuyung kados ta listrik.
4. Menawi listrikipun pejah media ingkang awujud *pop up book* menika taksih saged dipunginakaken satemah proses pasinaon taksih saged lumampah.
5. *Media* ingkang awujud *pop up book* langkung gampang anggenipun ngginakaken amargi boten kedah saged ngginkaken IT.
6. *Media* menika gampang anggenipun mbekta amrgi ukuranipun ingkang alit.

7. *Media* menika saged nggampilaken guru kangge ngandharaken *materi* bab upacara adat Jawi ing salabeting pamulangan.

*Produk media* pasinaon menika ugi nggadahi kekirangan. Wondene kekiranganipun *media* pasinaon kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Anggenipun ndamel *media* pasinaon awujud *pop up book* upacara tingkeban menika betahaken wekdal ingkang langkung dangu, amargi kedah tlaten wiwit damel *background*, pados gambar, nyithak, lan damel bentuk ingkang saged mumbul (3 *dimensi*) satemah saged maujud *media* pasinaon awujud *pop up book*.
2. *Media* pasinaon awujud *pop up book* menika gampang risak menawi boten ngatos-atos anggenipun ngginakaken lan anggenipun nyimpen.
3. Betahaken *media* pasinaon ingkang cacahipun kathah nalika dipunginakaken ing pamulangan. Anggenipun ngginakaken *media* pasinaon ingkang awujud *pop up book* ugi kirang *efektif* menawi dipuncakaken ing kelompok ageng. Langkung sae menawi dipunginakaken ing kelompok antawisipun 3-4 siswa satemah anggenipun sinau boten uyuk-uyukan.

## PAMRAYOGI

Saking asiling *media* ingkang dipundamel pamrayoginipun inggih menika: Saking asiling *media* ingkang sampun dipundamel wonten pamrayogi ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Media* pasinaon awujud *pop up book* upacara tingkeban langkung sae menawi dipuncithak kathah, supados langkung *efektif* nalika dipunginakaken ing piwulangan.
2. *Media* menika langkung *efektif* dipuncakaken kanthi kelompok alit, satunggal buku dipunginakaken 3-4 siswa.
3. *Media* pasinaon *pop up book* upacara tingkeban langkung sae menawi ngatos-atos anggenipun ngginakaken sarta nyimpen supados boten gampang risak.
4. *Media* menika langkung sae malih menawi dipunsengkuyung kaliyan *media* ingkang awujud *aplikasi* supados saben siswa saged sinau piyambak saha langkung cetha malih anggenipun mangertosi *materi* satemah ancasing pasinaon saged dipungayuh kanthi *maksimal*.
5. Anggenipun damel gladhen saged dipundamel langkung kathah malih supados siswa

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum

anggenipun mangertosi *materi* bab upacara tingkeban langkung cetha.

6. Panaliti sampun saged ndamel *inovasi pengembangan media* pasinaon ingkang awujud *pop up book* kanthi *materi* upacara adat Jawi ingkang beda kaliyan *media* ingkang sampun wonten inggih menika kanthi damel *media* pasinaon *pop up book* mawi *pendekatan scientific*. Kaangkah ing tembe saged dipungrembakakaken *pengembangan media*

Damel *Media* Pasinaon ... (Priska Ninda W) 12

pasinaon kathi *materi* sanesipun satemah piwulangan basa Jawi langkung *interaktif* satemah siswa langkung greret anggenipun sinau basa Jawi.

#### **KAPUSTAKAN**

- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: Alfabeta.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Fakultas. 2017. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.